



# KIDCARE KONNECTION

Yon bilten enfòmasyon trimestriyèl pou moun ki anrejistre nan Florida KidCare Prentan 2013

## NAN PIBLIKASYON SA A

- Sezon Alèji
- Aplikasyon Mobil
- Sezon Prentan
- Revni Fanmi
- Èske w te konnen?
- Mizajou nan Teknoloji
- Avanti KidCare

## SEZON ALÈJI A SOU NOU ANKÒ!

Ane sa a, Florida te gen yon ivè dou. Avèk tanperati pi cho ki pre rive, sezon alèji prentan an deja kòmanse. Pifò pyebwa ki lakòz alèji ki grav deja kòmanse pwodui polèn epitou gen anpil timoun ki deja ap santi malèz.

Li enpòtan pou paran yo rekonèt sentòm alèji yo paske yo ka koze plis pwoblèm grav tankou las (opresyon) oswa enfeksyon sinis, si yo pa trete yo. Pami sentòm ki rive souvan yo, gen nen kap koule ki vini avèk drenaj klè (flèm vèt oswa jòn se yon sentòm ki endike yon enfeksyon ki pi grav,) je ak nen kap grate, gòj fè mal ak yon tous. Konjesyon nazal (nan nen) ka fè gen sèk fonsè anba je yo, yo konn rele sèk sa yo « sèn alèjik ». Epitou, veye sa yo rele « salitasyon alèjik » la, ki se yon tandans pou fwote nen an avèk yon mouvman ki kòmanse sou anba pou rive anwo, e ki rive souvan avèk timoun ki gen nen yo kap grate yo.

Li ka difisil pou trete alèji men avèk bon medikaman an pitit ou ta dwe jwenn yon soulajman. Sa kap ede tou se si w limite kontak pitit ou genyen avèk alèjèn yo. Kite fenèt ak pòt yo fèmen ni lakay ou ni nan machin ou depi sa posib. Lèfini, kou pitit ou antre nan kay la fè l lave men l ak figi l touswit.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou sentòm ak tretman pou alèji, ale sou sit entènèt la nan: <http://www.mayoclinic.com/health/hay-fever/DS00174>

## TIMOUN FÈT POU GEN ASIRANS!



## FLORIDA KIDCARE ANONSE APLIKASYON MOBIL GRATIS LI YA

Florida KidCare lanse yon aplikasyon mobil gratis pou manm aktyèl li yo ak pou manm potansyèl yo, sa ki vin fè l pi fasil pou fanmi nan Florida gen aksè a asirans sante de kalite siperyè, ki pa koute chè oswa ki gratis. Aplikasyon an, ki rele « FL KidCare, » disponib pou Android ak telefòn Apple. Men karakteristik aplikasyon an ofri:

- Adrès avèk kat jewografik ak enfòmasyon sou kouman pou rive nan Sant Asistans yo
- Aplikasyon sou Entènèt
- Resous
- Aksè dirèk nan sèvis pou kliyan ak pòtay pou peman
- Kalandriye aktivite yo

Si w bezwen plis enfòmasyon, tanpri ale sou sit Entènèt la nan [www.healthykids.org](http://www.healthykids.org)



## OPERASYON DEPLOGE: SEZON PRENTAN SE BI BON LÈ POU ANKOURAJE TIMOUN YO POU YO JWE DEYÒ

Li ka difisil pou fè timoun yo etenn televizyon an epi depoze kontwòl aparèy jwèt videyo yo pou yo sa al deyò a. Men sezon prentan an rive e tanperati ideyal sa yo bannou bon jan rezon pou nou ankouraje pitit nou yo pou yo pase yon ti tan nan solèy la. Men kèk ti konsèy pou ede yo kòmanse fè sa:

**Mache olye pou kondwi** - Si w gen lentansyon ale yon kote ki pa lwen lakay ou, tankou nan yon pak piblik oswa nan bibliyotèk la, rasanble fanmi an epi mache pou nou ale kote sa yo.

**Idantifikasyon pyebwa ak ti pyebwa** - Rasanble kèk fèy ki soti nan pyebwa ak nan ti pyebwa ki nan lakou w la oswa ki nan vwazinaj la epi fè timoun yo jwenn ki kote yo soti. Ba yo yon liv ki gen deskripsyon pyebwa ak plant ki nan zòn kote w rete a pou sa edike yo piplis.

**Achte kèk akseswa pou jwe deyò a** - Atik tankou lakrè pou make twotwa, kòd pou sote oswa woulawoup pa koute chè epi yo ka amize yo avèk atik sa yo pandan plizyè èdtan.

**Fè yon manjwa pou zwazo lakay ou** - Pase manba sou tout yon begèl (pen won) woule l nan



grenn pou zwazo epi kwoke l sou yon pyebwa. Montre pitit ou kantite zwezo l ap atire.

Youn nan rezon ki fè gen anpil timoun ki obèz (gwo anpil) nan peyi sa a, se poutèt yo pa pase ase tan ap jwe deyò. Lè w ankouraje pitit ou yo pou yo jwe deyò, sa enpòtan paske lap amelyore byennèt yo pou tout lavi.

Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan <http://getoutdoorsflorida.com/>

## ÈSKE REVNI FANMI W CHANJE?

Anvansa, se pou fanmi yo te fè Florida KidCare konnen lè yo te gen yon chanjman nan revni ki rantre nan kay la. Apatide 1ye avril 2013, fanmi yo ka tann lè yap renouvle pou ane a pou fè nou konnen sou chanjman sa a.

Si w panse nouvo revni w la pral diminye prim ou peye pa mwa a oswa li ka fè yon timoun elijib pou Medicaid, tanpri kontakte nou pou nou sa revwa dosye w la.

## ÈSKE W TE KONNEN?

Tanpri pa bliye peye prim ou an anvan 1ye jou nan mwa a, pou asire yo pa anile kouvèti asirans ou an tanporèman. Florida KidCare ofri plizyè fason pou peye prim mansyèl ou a:

- **Peman sou Entènèt** - Ou ka fè peman w yo avèk kont chèk ou, kont epay ou, kat kredi MasterCard, Visa oswa Discover. Wap bezwen nimewo kont 10 chif fanmi an ak kòd postal ki asosye avèk kont Healthy Kids oswa KidCare wap peye a pou w sa fè peman an. Se pou tout peman prim yo fèt anvan 3pm (È de lès [EST]) Peye prim ou sou Entènèt la nan <https://www.healthykids.org/pay/online/>
- **Peye nan Telefòn** - Rele (nimewo pou apèl gratis la) 1-800-821-5437. Yo pral konekte w avèk sistèm peman otomatize InTuition lan, ki responsab jesyon pou Healthy Kids ak KidCare. Ou ka peye avèk kont chèk ou, kont epay ou, kat debi oswa kat kredi.
- **Peye pa Mesaj Tèks** - Pou anrejistre pou sa fè peman Florida KidCare w yo pa mesaj tèks, ale nan sit Entènèt la nan <https://mypayments.bill2pay.com/login/login.aspx?client=kidcare>.

- **Peye pa lapòs** - Poste yon chèk oswa yon manda postal ansanm avèk bon pou peman w lan nan adrès:  
**Florida KidCare**  
PO Box 31105, Tampa, FL 33631-3105.  
Pa bliye ekri nimewo kont fanmi w lan sou chèk oswa manda postal la.
- **Peye avèk lajan Kach** - Ou ka fè peman avèk lajan kach nan lokal Fidelity Express yo avèk bon peman KidCare ou a oswa avèk nimewo 10 chif kont fanmi w lan. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan <https://www.healthykids.org//pay/cash/>



## MIZAJOU NAN TEKNOLOJI!

Nou toujou ap chèche nouvo fason pou nou pibyen sèvi fanmi nou yo – se poutèt sa Florida KidCare pral mete sistèm teknoloji l la ajou sezon otòn kap vini an. Pou asire yo pa sispann kouvèti asirans ou an tanporèman pandan nap fè mizajou sistèm nou yo, tanpri asire w ke w peye prim asirans ou yo e ke w soumèt tout dokiman renouvèlman yo alè.

Èske w gen kesyon sou renouvèlman? Ale sou sit entènèt la nan

<https://www.healthykids.org//renew/general/>



# AVANTI KIDCARE




# Florida KidCare

P.O. Box 980  
Tallahassee, Florida 32302-0980

**Liy enfòmasyon Florida KidCare:**  
1-888-540-5437

**Sèvis Kliyan Florida KidCare:**  
1-800-821-5437

[www.floridaKidcare.org](http://www.floridaKidcare.org)



## KIDCARE KONNECTION

se yon bilten enfòmasyon gratis Florida Healthy Kids Corp. pwodui chak trimès.

### OU KA SWIV NOU SOU SIT SOSYAL YO!

Florida Healthy Kids, yon patnè Florida KidCare, sou Facebook, Twitter, YouTube, epi li gen yon blòg! Swiv nou pou konn dènye enfòmasyon sou lasante ak konsèy sou kouman pou rete ansante:

[www.twitter.com/flhealthykids](http://www.twitter.com/flhealthykids)

[www.facebook.com/flhealthykids](http://www.facebook.com/flhealthykids)

[www.flhealthykids.wordpress.com](http://www.flhealthykids.wordpress.com)

[www.youtube.com/floridahealthykids](http://www.youtube.com/floridahealthykids)

